

Deklarasyon Dwa Konsomatè Konsènan Moun k ap Prepare Taks

Daprè lalwa, moun k ap prepare taks yo dwe ba ou yon kopi dokiman sa a anvan yo kòmanse diskite sou sèvis preparasyon taks yo. Moun k ap prepare taks la dwe kite ou revize dokiman sa a epi reponn nenpòt kesyon ou genyen.

Ou gen dwa pou konnen:

- **Idantifikasyon ak kalifikasyon pou preparatè taks.** Preparatè taks la dwe di w si yo PA yon avoka oswa yon Kontab Piblik Sètifye (CPA). Preparatè taks ki pa avoka oswa kontab piblik sètifye dwe montre yon siy ki montre non yo, adrès, nimewo telefòn yo ak kalifikasyon ki enpòtan yo.
- **Frè ak chaj siplemantè.** Moun ki ap prepare taks yo dwe mete yon tablo ki gen ladan li sèvis preparasyon taks yo ofri yo, pri chak sèvis epi frè siplemantè yo mande yo.
- **Opsyon w pou peye sèvis ak resevwa ranbousman w.** Moun k ap Prepare taks yo pa ka egzijè w pou itilize yon Prè Antisipasyon Ranbousman/Prè Davans Ranbousman (Refund Anticipation Loan/Refund Advance Loan, RAL), yon Chèk Antisipasyon Ranbousman (Refund Anticipation Check, RAC), Transfè Ranbousman, oswa lòt pwodui ki menm jan an. RACs ak Transfè Ranbousman se opsyon peman difere, sa ki vle di ou pa peye pou sèvis kounye a, men y ap pran lajan an nan ranbousman w lan. Ou dwe konnen tout opsyon sa yo ka gen frè siplemantè, ogmante frè preparasyon taks la, ak/oswa retade resepsyon ranbousman w lan.
- **Si moun k ap prepare taks la pral reprezante w oswa li pa p reprezante w nan yon kontwòl odit gouvènman an.** Moun k ap prepare taks yo dwe reprezante w oswa bay reprezantasyon w nan yon odit, sof si yo montre yon siy ki di yo p ap reprezante w.

ANVAN PEYE pou sèvis preparasyon taks, ou gen dwa pou resevwa:

- **Yon lis alekri opsyon ranbousman yo ak sèvis taks yo** moun k ap prepare taks la ofri.
- **Yon estimasyon alekri depans total pou tout chaj ki gen rapò ak chak sèvis** moun k ap prepare taks la ofri, ki gen ladan frè depo debaz yo, to enterè, RAL, RAC, ak frè pwosesis Transfè Ranbousman, ak nenpòt lòt frè oswa chaj ki gen rapò.
- **Yon estimasyon alekri de konbyen tan ou ka espere rete tann pou ranbousman ou** parapò ak metòd peman ak/oswa livrezon ranbousman ou chwazi yo.
- **Yon to enterè estime alekri** pou yon RAL oswa nenpòt lòt sèvis prè moun k ap prepare taks la ofri.



Mizajou Enpòtan sou Peman Ranbousman yo

Sèvis Revni Entèn (Internal Revenue Service, IRS) pa bay chèk papye ankò. Ou ka resevwa yon ranbousman federal sèlman pa depo dirèk oswa ak yon kat debi gouvènman federal la sipòte. Ou ka toujou resevwa yon ranbousman Eta New York la pa depo dirèk oswa pa chèk papye.

Opsyon Peman Difere

Preparatè taks la ka ofri ou pwodwi ki pèmèt ou ranvwaye peman pou sèvis la; sepandan, yo pral pran lajan nan ranbousman ou pou peye pou nenpòt frè ou dwe. Pwodui peman difere sa yo gen ladan yo yon **Chèk Antisipasyon Ranbousman (Refund Advance Check, RAC)** oswa yon **Transfè Ranbousman**. Ou dwe konnen ke pwodui sa yo ka gen frè siplemantè ou pa t atann.

Si w itilize opsyon peman RAC oswa Transfè Ranbousman, anjeneral moun k ap prepare taks la ap kreye yon kont labank tanporè sou non w kote yo pral depoze ranbousman w lan dirèkteman. Moun k ap prepare taks la retire nan ranbousman w lan frè preparasyon taks yo ak nenpòt frè siplemantè pou itilizasyon yon RAC oswa Transfè Ranbousman, apre sa ba ou rès lajan an. Si ranbousman ou an pa kouvri tout frè preparasyon taks la, moun ki prepare taks yo kapab itilize yon biznis koleksyon dèt ekstèn pou kolekte nenpòt balans ki rete.

Tèm komen

Fòm IRS 1040: Ou sèvi ak fòm sa a pou ranpli taks ou ak Internal Revenue Service (IRS). Fòm 1040 lan rapòte enfòmasyon pèsònèl ou, tankou non, nimewo Sekirite Sosyal (Social Security number, SSN) oswa Nimewo Idantifikasyon Endividyèl Moun k ap Prepare Taks la (Individual Taxpayer Identification Number, ITIN), ansanm ak salè ak lòt revni. Antre ou yo sou Fòm 1040 lan detèmine si ou dwe gouvènman an lajan oswa si w ap resevwa yon ranbousman. Tou depan de sitiyasyon ou, ou ka bezwen soumèt lòt fòm oswa orè IRS. Gen kèk preparatè taks yo ka mande yon frè ki baze sou kantite fòm yo bezwen itilize pou ranpli deklarasyon taks ou. Ou ka ranpli taks nan lapòs oswa sou entènèt (e-file).

Ranbousman Taks: W ap resevwa lajan (ranbousman) nan men IRS, Depatman Taks ak Finans Eta New York, oswa lòt ajans taks leta si ou te peye plis taks ke ou pa ta dwe. Fason ki pi rapid pou resevwa ranbousman ou se chwazi depo dirèk sou kont labank ou.

Ou gen dwa pou w resevwa:

- **Yon kopi deklarasyon taks ou** prepare nan moman orijinal la ranpli a oswa nan moman yo ba ou l pou ranpli a. (Remak: Moun k ap prepare taks yo dwe siyen chak deklarasyon taks yo prepare).
- **Yon resi detaye** ki montre pri endividyèl chak sèvis yo bay ak chak fòm ki prepare pou ou.
 - Resi a **dwe endike adrès ak nimewo telefòn** kote ou ka kontakte moun k ap prepare taks la pandan tout ane a.
- **Yo remèt ou dokiman pèsònèl ou yo sou demann** lè yo fin ranpli deklarasyon taks ou a oswa lè yo ba ou pou ranpli li (sòf si moun ki prepare taks la gen otorizasyon espesyalman pou kenbe dokiman sa yo dapre lwa Eta New York).

Li ilegal pou yon moun ki prepare taks:

- Mande w pou w siyen yon deklarasyon taks ki vid oswa ki pa konplè oswa pou w chanje yon deklarasyon taks apre w fin siyen l, sof si w bay konsantman w alekri.
- Chaje w yon frè ki baze sou kantite taks ou dwe oswa ranbousman w ap resevwa a.
- Garanti yon montan ranbousman espesifik oswa garanti ke yon ajans taks gouvènman an p ap odit.
- Mande pou w bay preparatè a yon pati nan ranbousman ou (si w resevwa youn).
- Revele enfòmasyon pèsònèl yo bay nenpòt moun oswa konpayi ki pa ou menm, reprezantan otorize ou, oswa nenpòt moun ki otorize pou resevwa enfòmasyon sa yo pa lòd tribinal oswa lalwa.
- Fè voye ranbousman taks ou a nan lapòs bay moun k ap prepare taks la, sof si ou te siyen yon pwokirasyon ki gen otorizasyon sa a.
- Mande w vyole nenpòt lwa, règ oswa règleman.

Pran prekosyon avèk Prè Antisipasyon Ranbousman/Prè Davans Ranbousman (Refund Anticipation Loans/Refund Advance Loans)

- Yon RAL se yon prè a kout tè. Montan prè a se yon pati nan ranbousman taks ou estime. An jeneral, tè prè a se mwens pase yon mwa, ki se tan ki prevwa pou preparatè taks la resevwa ranbousman konplè ou. Preparatè taks la dedwi kantite lajan prè a (peman ou) ak nenpòt enterè oswa frè nan ranbousman konplè ou. Lè sa a, ba ou lajan ki rete a.
- Yon RAL ka baze sou dokiman ki pa konsidere kòm final, tankou yon souch peye, pa yon W-2. Dènye deklarasyon taks ou a dwe gen ladan dènye deklarasyon finansye w yo (pa egzanp, W-2) paske enfòmasyon sa yo pataje ak IRS ak Depatman Taks ak Finans Eta New York. Si ranbousman ou pi piti pase sa te espere, li ka pa ase pou ranbouse RAL la. Ou toujou gen pou remèt tout prè a, enkli enterè ak frè.
- Gen kèk RAL ki gen to enterè ki wo. Menm RAL ki komèsyalize kòm pwodui “gratis” ak lòt pwodui antisipasyon ranbousman ka gen frè.
- Yon RAL se pa yon “Ranbousman Enstantane” epi moun k ap prepare taks yo pa ka itilize tè sa a oswa tè ki sanble (“Ranbousman Rapid”, “Ranbousman Eksprès” oswa “Lajan Rapid”) ki cache lefèt ke yon RAL se yon prè. Pèsonn pa ka ba w aksè imedyat nan ranbousman taks ou a - swa montan total la oswa yon “avans” - jouk IRS oswa Eta New York pa remèt li.
- Pran yon RAL fakiltatif. Moun k ap prepare taks yo pa ka fòse w pran yon RAL.

- **AVAN OU RETIRE YON RAL**, moun k ap prepare taks la dwe ba w yon dokiman ki gen yon paj ki di w, an Angle ak Panyòl:
 - ke ou pa oblije rantre nan RAL la;
 - RAL la se yon prè ou dwe remèt kèlkeswa kantite lajan ranbousman taks ou a;
 - montan ranbousman taks ou espere a;
 - frè pou RAL la ak kantite apwoksimatif ou pral resevwa kòm yon prè;
 - to enterè ki ekspriye kòm to pousantaj anyèl estime a (annual percentage rate, APR) ki baze sou kantite tan prè a ap anreta, si sa aplikab;
 - dat apwoksimatif ou dwe jwenn lajan prè w la si ou pran yon RAL; ak
 - dat apwoksimatif ou dwe jwenn ranbousman w lan san RAL.
- Si w pa ka li angle oswa panyòl, moun k ap prepare taks la dwe eksplike w enfòmasyon sa yo nan yon lang ou konprann.

Bagay pou Revize sou Papye Taks ou:

- Asire w tout enfòmasyon yo egzat, tankou non w ak adrès postal ou.
- Asire w ke fason ou vle resevwa ranbousman ou an, espesyalman enfòmasyon sou kont labank ou a, kòrèk.
 - *Si w te mande depo dirèk pou ranbousman ou a nan yon kont labank pèsonèl*, tanpri asire nimewo kont lan kòrèk. Fason ki pi rapid pou resevwa ranbousman ou se pa depo dirèk nan yon kont labank pèsonèl.
 - *Si w te chwazi yon opsyon peman RAL, RAC oswa Transfè Ranbousman*, nimewo kont labank tanporè ki te ouvri sou non w pa preparatè taks la ap parèt nan deklarasyon w la.

Remak: IRS oswa Depatman Taks ak Finans Eta New York ka itilize enfòmasyon sou kont labank sou retounen ou pou depoze peman adisyonèl. Si retounen ou genyen enfòmasyon tanporè sou kont labank (pou yon transfè RAL, RAC, oswa ranbousman), ou ka resevwa nenpòt peman adisyonèl pa lapòs olye de depo dirèk. Peman an ka fèt sou fòm yon chèk oswa yon kat debi prepeye.

Sonje ke ou gen dwa pou resevwa yon estimasyon alekri sou pri total chak sèvis yo ofri pa preparatè taks la, ki gen ladann avans ranbousman oswa pwodwi peman difere, ansanm ak tan sa ap pran pou resevwa ranbousman ou avèk oswa san RAL, RAC. oswa transfè ranbousman.

Pou plis enfòmasyon oswa pou depoze yon plent kont yon moun ki prepare taks, kontakte 311 oswa vizite nyc.gov/dcwp



Preparasyon taks gratis

Ou ka kalifye pou sèvis **Preparasyon Taks Gratis NYC** yo, ki ta ka ede w reklame kredi taks enpòtan tankou Kredi Enpo sou Kòb Moun Fè (Earned Income Tax Credit, EITC) ak Kredi Taks Vil New York pou Swen Timoun (New York City Child Care Tax Credit, CCTC). Pou plis enfòmasyon, rele **311** oswa ale sou nyc.gov/taxprep.



**Financial
Empowerment
Center**

Konsèy finansye gratis

Yon konseye Sant pou Otonomi Finansye NYC ka ede ou louvri yon kòfrefò ak yon kont labank ki pa twò chè si ou gen youn. Pou fè yon randevou, ale sou sitwèb nyc.gov/TalkMoney oubyen rele **311**.